# 5 гектар майданға бағ ҳәм 35 га майданға жүзим нәллери егилди

Бүгин Нөкис районы «Саманбай» аўыл пуқаралар жыйыны аймағындағы «Агро Фирма Чемпион» жуўапкершилиги шекленген  жәмийетиниң бағшилиқ ҳәм жүзимгершилик плантациясында «Жаңа бағ, жүзимзарларды пайда етиў  ҳәм вино өндириси тараўын раўажландырыў»ға бағышланған оқыў семинары болып өтти. Семинарға Өзбекстан Республикасы Аўыл хожалығы министриниң биринши орынбасары Ш.Тешаев, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары С.Хожаметов, Өзбекстан Республикасы Алкоголь ҳәм темеки базарын тәртипке салыў, виношылықты раўажландырыў агентлиги директоры Р.Бобоев, Өзбекстан Республикасы Аўыл хожалығы министрлиги жанындағы бағшылық ҳәм ыссықхана хожалығын раўажландырыў агентлиги директоры Н.Нажимов, район ҳәкими О.Уснатдинов ҳәм республикадағы жүзимшилик хожалықлары басшылары ҳәм тийисли тараў қәнигелери қатнасты.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Оқыў әмелий семинарын өткериўден мақсет халықты узликсиз азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеў ҳәм мийўе түрлерин көбейтиў, сондай-ақ, экспортқа мийўе өнимлерди шығарыў, районда бағшылық хожалықларын көбейтиў әсиресе интенсив бағ жаратыў, нәллерди егиў усыллары  ҳәм агротехникасы бойынша кәнигелерлер тәрепинен түсиник берип өтти.

Image not found or type unknown

2021-жылы районымызда 370 гектар майданға жаңадан интенсив бағ нәллерин егиў, «АГРО ЕХСПОРТ РК ГРУП»ЖШЖ тәрепинен 1000 гектарға жүзим егиў режелестирилмекте. Сондай-ақ, усы  жылы 5 гектар майданға бағ ҳәм 35 га майданға жүзим нәллери егилди.

Нөкис районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети